gazetavpered@list.ru

Ассаламу гIалайкум!

ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№44 (6873) * 2 НОЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 23 ЖУМАДУЛ АВВАЛ 1448 с. *

Нилъер къуват цолъиялъулъ буго!



Нилъ киналго батIи - батIиял руго –
гьеб нилъер бечелъи буго.
Нилъ цадахъ цойида руго –
гьеб нилъер къуват буго.

Россиялъул тIолабго халкъ цолъиялъул къо ккола пачалихъалъул байрамазда гьоркьоб гIолохъанаб байрам. Амма гьелда хурхарал хIужаби гIемер соназ цебе букIараб тарихалда бухьен бугел руго.

РакIалде щвезабилаан нилъер халкъ анцI – анцI соназ 7 ноябралда –Октябралъулаб революциялда бергьенлъи босараб къо кIодо гьабун парадазде рахъунеб заман. Хадуб гьеб къо тана тарихияб къолъун ва сверизабуна маслихIат рекъеялъул къоялде. Ва 2005 соналдаса нахъе кIодо гьабулеб буго халкъалъул цолъиялъул къо гIадин. Россиялда киса кибего байрам къоялда хурхун тIоритIула концертал, цереракъинал, батIи- батIиял акцияби, спорталъул тадбирал ва митингал.

Абизе ккола халкъ цолъиялъул къоялъе кьучI лъунин 1649 соналъ.

Тарихалде раккани бицунеб буго 1612 соналъул 4 ноябралда халкъияб дандерахъиналъул хIасилалда поляказул зулмучагIаздаса Москва бацIцIад гьабунилан. Доб механалъго киназдаго бихьизабуна тIолабго халкъалъул гъункиги бахIарчилъиги миллаталъухъ ва диналъухъ балагьичIого бугеблъи.

Халкъияб дандерахъиналъе цебехъанлъи гьабуна князь Дмитрий Пожарскияс ва купец Кузьма Мининица. Гьеб бергьенлъи ккана гIурус пачалихъалъул гуч цIикIкIиналъе сабабалъун.

Чанго батIиял хиса – басиял ккана тарихияб хIужаялда сверун пачалихъалъул пача Алексей Михайловичас 1649 соналъ Россиялъул байрам къо чIезабизегIан.

Халкъалъул цолъиялъул къо ккола нилъее цойги нухалъ нилъ бечедаб тарихалъул, гъваридал гIадатазул гучаб халкъ букIин ракIалде щвезабулеб къолъун.

Гьел киналго рахъал халкъалъ цо нухалъ гуро рихьизарурал ВатIаналде къо ккедал. Киданиги ва лъиданиги къуркьизабизе кIвечIо нилъер халкъ.

Жакъа къоялде гьединабго цолъиги гъункиги бихьизабизе кколеб заман ва хIужаби нилъеда киназдаго рихьулел руго.

Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда хурхун халкъ цолъизабуна нахъеги. Рагъулаб хъулухъ тIубазе тIолабго Россиялдаса васазул къуват бакIари гуребги, хIажатаб кумек тIолабго халкъалъ гьабиги бихьулеб буго нилъеда. Гьедин гьаб ахираб заманаялъ киса кибего Дагъистаналда бакIарулеб букIана Украиналда ругел нилъерго гIолохъабазе хIажатабщинаб. Цо хъизаналъ гIадин квербакъана гьенибе битIулеб гуманитарияб кумекалъе.

РакIалде ккола нилъер щулияб гъункиялъул хIасил лъикIаб ккелилан. Дунялалда данде рахъун унеб хасаб рагъулаб операция ракълилаб хIасилалде рачIун къотIизабилилан. Гьарула нилъерго тIолабго Россиялъул халкъалъе щулияб цолъи, гъунки ва цебетIей. Ракълилал ишазе квербакъи ва гIумру берцин гьабизе къуват.



Баркула!

ХIурматиял районцоял!

4 ноябралда нилъеца кIодо гьабула Пачалихъияб байрам - Халкъазул цолъиялъул къо. РакI-ракIалъ баркула нужеда тIолгороссиялъул байрам. Россиялъул халкъал цолъиялъул мурадалда тIобитIулеб Халкъазул цолъиялъул къоялъул байрамалъ ракIалде щвезабула бищунго захIматаб заманалда нилъер гIемер миллатазулаб цолъиялъ захIмалъаби къезаризе, гьелъул эркенлъи ва чияда бачIолъи цIунизе нухал рагьи.

Гьеб байрамалъул мурад буго улкаялъул экономикияб гуч ва рухIияб кIодолъи цIидасан цIикIкIинабиялъе гIоло Россиялъул жамгIияб цолъи букIин.

Цолъиялъулъ, гъункиялъулъ къуват букIин бихьизабулеб буго нилъер районцояз хасаб рагъулаб операция тIобитIулеб ва гьенире аразе гуманитарияб кумек гьоркьоса къотIичIого хадуб гъезе гьабулеб букIиналъги. РакIчIараб буго Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъазгун цадахъ тIолабго районалъ ВатIаналъул гуч щула гьабиялъе гIоло, цере лъурал масъалаби щвалде щун тIуразаризе рукIиналда.

Гьарула киналго районцоязе щулияб сахлъи, цолъи, гъунки, рекъел ва талихI.

М. ТIАГЬИРОВ
Хьаргаби районалъул бетIер

Республикаялъул чемпион



25 октябралда Шамиль районалда тIоритIана республикаялъул лъималазулгун гIолилазул спортивиял школазда куцулел ругел гIолилазда гьоркьоб республикаялъул чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер Олимпиялъул хIаязул чемпион А. Тажудинович цIаралда бугеб спортивияб школалъул спортсменазги.

ХIалуцарал къецазул хIасилалда 41 кг. цIайиялда гьенив чемпионлъун вахъана ГI. Идрисов. Гьарула гьесие хадубккунги нилъ киналго рохизе гьаризе икъбал ва къуват.

Курмиб школа интернаталъе — 70 сон

70 сон — школалъе ригь гуро



Араб гIасруялъул 20-лел соназул ахиралда ва 30-лел соназул байбихьуда кIудияб хIалтIи тIибитIун ине байбихьана Хьаргаби ГЭС баялда хурхун.



Гьенибе буссинабуна Россиялъул ва СССРалъул шагьараздаса инженералгун - техническиял хIалтIухъабазул къуват ва сурсатал. Цебе чIараб масъала чанго соналъул болжалалда тIубазе кколеблъи лъалел, ралел бакIазул специалистал жидерго хъизан – лъималги цадахъ гочун рачIана Дагъистаналде. I943 соналде щвезегIан строителазул поселок Гъуниб районалде гьорлъе унаан.

Лъималазул умумузул гьариялда рекъон, 45 цIалдохъанасасдасан гIуцIараб, тIоцебесеб байбихьул лъай кьеялъул школа рагьана I93I соналъул I ноябралъ, басрияб клубалъул минаялда жаниб (гьанже ясли – ах бугеб бакIалда аскIоб). Гьеб ккана Гъуниб районалда гIурус школазул программаялда рекъон лъималазе лъай кьолеб тIоцебесеб школа.

Учительзабилъун гьенир хIалтIулел рукIана инженеразул хъизамаздаса лъай бугел ручаби. I937 соналъ школалъул директорлъун йикIана ГЭСалъул директорасул хъизан П. АхIмадова.

1950 соналъ школа гьабуна 7-го сонилаблъул ва бахъинабуна гьанже школа-интернаталъул байбихьул классал ругеб минаялде жанире.

Школа–интернатхIадурлъиялъул хIалтIаби байбихьана 1956 соналъул сентябралда. ХIадурана цIалул корпус, столовая ва общежитие.

Байбихьана районалъул ва республикаялъул школаздаса бищун лъикIал мугIалимзаби ва ракI бацIцIадал техническиял хIалтIухъаби интернаталде хIалтIизе ахIизе.

Гьеб заманаялде, гIадамазда бичIчIулеб букIинчIо школа – интернат щиб жояли. Мискинал хъизамаздасацин лъимал, хасго ясал школалде ритIизе таваккал гIолеб букIинчIо гIадамазул. ТIоцересел цIалдохъаби - ясал школа – интернаталде рачIана Гъуниб районалдаса.

Сонал анагIан, ругел шартIалги, дарс кьолел лъикIал мугIалимзабиги лъанагIан, умумуз лъимал интернаталде ритIизе байбихьана. ГЭСалъул директорасул хъизан П. АхIмадова.

1950 соналъ школа гьабуна 7-го сонилаблъул ва бахъинабуна гьанже школа-интернаталъул байбихьул классал ругеб минаялде жанире.

Школа–интернатхIадурлъиялъул хIалтIаби байбихьана 1956 соналъул сентябралда. ХIадурана цIалул корпус, столовая ва общежитие.

Байбихьана районалъул ва республикаялъул школаздаса бищун лъикIал мугIалимзаби ва ракI бацIцIадал техническиял хIалтIухъаби интернаталде хIалтIизе ахIизе.

Гьеб заманаялде, гIадамазда бичIчIулеб букIинчIо школа – интернат щиб жояли. Мискинал хъизамаздасацин лъимал, хасго ясал школалде ритIизе таваккал гIолеб букIинчIо гIадамазул. ТIоцересел цIалдохъаби - ясал школа – интернаталде рачIана Гъуниб районалдаса.

Сонал анагIан, ругел шартIалги, дарс кьолел лъикIал мугIалимзабиги лъанагIан, умумуз лъимал интернаталде ритIизе байбихьана. ГЭСалъул лъималазе, заманаялъулаб цIалиялъул корпус хIисабалда, клубалда аскIоб бугеб гIадамаз гIумру гьабулеб мина хIалтIизабуна.

ТIоцевесев школа – интернаталъул директор вукIана ГьоцIалъ росулъа ГIусманов Абакар МухIамадович. Завучлъун вукIана Пенс Михаил Матвеевич, кIудияв тарбиячилъун – Иноземцев Александр Иванович.

ЦIияб 1957 соналъул цIалул соналда интернаталда цIалулел рукIана I40 цIалдохъан. Лъималазе кьолеб квенги, ретIелги ва цойги хIажатабщинабги букIана Суворовасул ва Нахимовасул цIаразда ругел рагъулал училищаязда гIадинаб. Щивав цIалдохъанасе чIезабун букIана лъабго батIияб ретIел: хIалтIулаб, школалъул ва парадалъулаб. Общежитиялда чIезабун букIунаан армиялъул низам ва рацIцIалъи.

Заман бекерун ана. Нахъа тана цIалдохъабазул батIи – батIиял къисматазул кIудияб гIумруялъул нух. ГIумруялъ, гьоркьоса къотIичIого, интернаталъул тарихалъул тIехь хъвалеб буго.

Гьале, исана школа – интернаталъ 70 сон бана. Гьеб гIумруялъул нухалъ жаниб бачуна анцI-анцI соназ школалда лъай ва тарбия кьун гIезарурал азар-азар цIалдохъабазда гьоркьоб гьудуллъи, школалъул лъикIал гIадатал ва тарихиял хIужаби. Гьанир гIезаруна рукIинисел педагогал, тохтурзаби, инженерал, строителал ва гIадатиял лъикIал гIадамал.

Гьаб байрамалъ цолъизабулеб буго чанго батIияб ригьалъул гIел, дандчIваялдаса рекIелъ рохел загьир гьабулеб.

Жакъасеб школалъ тIубанго гьумер хисун буго. Хисана кьочIокьанго кинабго лъай – кьеялъул билъэинги. Амма, хутIана школалъул гIумруялда лъималаздехун жавабияб бербалагьи, гьабулеб хIалтIудехун рокьи ва церетIеяздехун гъира.

Нилъер заманаялде, школа – интернаталда хIалтIулел руго 107 хIалтIухъан. Гьезда гьоркьор: 57 мугIалим, 26 тарбиячи ва 7-го школалъул администрациялъул хIалтIухъан, хутIарал техническиял хIалтIухъаби. Школа – интернаталда цIалулел руго 345 цIалдохъан.

2022 соналдаса нахъе интернаталъе нухмалъи гьабулеб буго АхIмадова ПатIимат ГIалихановналъ. ХIалтIулел соназда жаниб П. АхIмадовалъ чIужугIаданалъулаб, эбелалъулаб бербалагьиялда ва пикруялда бачана хIалтIи.

70 сон тIубай кIодо гьабун байрам тIобитIиялъе кIудияб бажари гьабун бугоан школа - интернаталда. Киса – кирего тIиритIизарурал берцинал тIадеахIияздасан байбихьун, тадбир тIобитIулеб къоялъ рачIараздехун бербалагьи гьабиялъул щибаб лахIзаталда тIадги ургъун. Щивго инчIо гьениса берцинаб бечедаб тепсиялда нахъе рилъэинчIого ва кодобе сайгъат кьечIого.

Байрамалъул ахIвал – хIал бихьулеб букIана школалде гIагарлъанагIан. Жаниб азбар ва школалъул классал берцинго къачIан рукIана. Гьанир цIалулел рукIарал лъималазе, жиде – жидер классалде рачIун, гьалмагъзабигун хинаб дандчIвай гьабизе, школалъул гIумру ва школалъул кIудияб хъизамалъул чи жалго рукIин ракIалде щвезабизе рес букIана.

Школа-интернаталъул рохел гIахьал гьабизе батIи-батIиял гIуцIияздаса, хъулухъаздаса ва бакIаздаса гIемерал чи рачIана. Баркиялгун кIалъазе рахъана районалъул ва росдал администрациялъул нухмалъулел, рухIияб идараялъул церехъаби, тIад ругел идарабазул вакилзаби. Киназго гьарана школалъе чIахIиял церетIеял, хIалтIулезе щулияб сахлъигун гьабулелъе икъбал.

КIудияб коллектив данд гъункизабулей ва гьеб цебе бачуней П. АхIмадовалъ рачIарал гьалбадеридехун ва школалъул коллективалдехун баркиялъул ва баркалаялъул ругIаби абуна. Гьелъ интернаталъул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабуна школа цебетIеялъе гьабулеб квербакъ-



ва лъай кьуна. Гьединлъидал школалда хурхарал ракIалде щвеял тIолабго Россиялъул регионазда тIоритIарал ругилан абуни мекъи ккеларо.

Байрам берцин гьабизе ва рохел гIахьал гьабизе, магIарухъе рачIана Дагъистан пачалихъалъул мустахIикъал артистал ва кочIохъаби. Школалъул юбилеялде хас гьабун рачIана кьурдул ва кечIалъул пачалихъалъулаб ансамбль «Дагъистан», школа-интернаталъул выпускник ва ансамблялъул бетIерав администратор М. Ибрагьимовгун цадахъ.

РекIее асар гьабулеблъун ккана I965 соналъул выпускник, жакъа районалъул чIахIиязул Советалъул председатель А. Шариповас ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъанас цадахъ кьабураб школалъул цIумур. КIиязулго школалъул гIумруялда гьоркьоб анцI – анцI соназул гIорхъи букIаниги, цIумур кьабулеб сасалъ асар цого гьабуна гьезие.

ХIурматиял гьалбадерида гьоркьор рукIана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Советалъул членал Умарагьи СалихIова: Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член, кочIохъан, прозаик, «ХъахIал къункъраби» Россиялъул халкъазул гьудулъиялъул орденалъул кавалер; ГI. ГIалева – хъвадарухъан, Дагъистаналъул тIехь биччалеб издательстваялъул кIудияй редактор ва ГI. Малачиева – кочIохъан, авар мацIалда



«Лачен» журналалъул ва ГТРК «Дагъистан» редактор.

Жидерго рахъалъан, гьез сайгъаталъе рачIарал тIухьдуца школалъул тIахьазул фонд цIикIкIинабуна. ХIурматиял гьалбадерида гьоркьой йикIана школалъул выпускница, «Автодорожнияб» колледжалъул тарбия кьеялъул хIалтIул директорасул заместитель, 40 соналъ цебе школа лъугIарай Марьям Мухтарова. Гьелъул эмен м.ч. МухIаммадрапи Нурудинов ккола гIумру школа-интернаталъе кьурав Дагъистан республикаялъул мустахIикъав учитель. АбичIого гIоларо, 40 сон школа лъугIун баразул кьерал бищунго цIикIкIарал рукIанилан. Марьям МухIаммадрапиевналъе кверчIвай гьабун, школалъул байрамалда гIахьаллъи гьабуна ва гIатIидаб программа гIуцIун цере рахъана Дагъистан пачалихъалъул филармониялъул артистал.

ГIумруялъ ракIалда чIолеблъун хутIила жакъасеб тадбир «Россиялъул цIумал» кьерда гъорлъе лъугьунел цIиял гIахьалчагIазеги. Гьез жидерго гьа кьуна киназдаго цебе, цинги гьезда хасал значокалги рана.

Байрам къоялда бухьинабун, интернаталда рагьана цIияб общежитиялъул каваби.

Школалъул тарихалда цIарал хъварал цIалдохъаби, тадбиралда киназдаго цере ахIун кIодо гьаризе мустахIикъал руго. Араб соналъ чанго лъималазул эбел хвалдаса хвасар гьайиялъе яхI бахъарал ва бахIарчилъи бихьизабурал, I0 классалъул цIалдохъаби У. Ризванов ва С. Сападиев ва байбихьул классазул мугIалим П. Закарьялова киназго халатбахъараб хъатчIваялдалъун къабул гьаруна цере. Гьезул хIакъалъулъ цебесеб соналъ кирго социалиял гьиназда бицунебги букIана.

Дагъистан пачалихъалъул мустахIикъал артистаз гуребги байрам берцин гьабуна бакIалъул махщел - гьунар чагIазги. Цере рахъана «Очаг- мой родной Дагестан» къецазул бергьенлъиялъул чIел босарал школалъул цIалдохъабазул кьурдухъабазул къокъа.

ТIолабго байрамалъул берцинлъи цIураб букIинароан, гьеб тIобитIизе квербакъи гьабулезул сахаватаб квер букIинчIебани.

Юбилей тIобитIиялъе кумек гьабурал ГI. ХирамухIмадовасе, М. ГIабдулаевасе, Р. ХIамзатовасе кIудияб баркала загьир гьабулеб буго школалъул дирекциялъ.

Жакъасеб къо ана школалъул тарихалде гьоркьобе берцинаб гьумерлъун. РакIалде щвеялъе букIине, киналго тIаде рачIарал гьалбал ва школалъул коллектив гIаммаб сурат бахъизе ахIана. Цо хасаб асар ккана рекIее, киназго цадахъ ахIараб аваразул гимналъ.

Школалъ 70 сон тIубай ригь бугеб гIумруялъул нух букIаниги, киналго, школалъ къватIире риччарал выпускниказе рес щвана ракI рагьулел ракIалде щвеязде лъимерлъиялде ва школалъул гIумруялде нахъ руссине.

Курми школа – интернаталъул бухьен бугел гIемерал ратула районалда.

Баркула киназдаго, гIемерал поколениял цолъизарулеб школалъул байрам. Гьарула школалъул коллективалъе гIумруялда жидерго бакI батарал, халкъалъе пайда бугел гIадамал гIезаризе къуват, чIахIиял бергьенлъаби ва 80 сон баялъул юбилей гьоркьоса чи камичIого тIобитIизе Аллагьасул хъвай.

Х. ГIАЛИМИРЗАЕВА



ХъахIал къункърабазул фестиваль





Дида ккола, рагъда, камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин.
Доба борхалъуда хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде сверун ратилин.

22 октябралда Россиялда кIодо гьабула «ХъахIаб къункърабазул фестиваль» абураб байрам. Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатовасул поэзиялъул хIисабалда байрам кIодо гьабулеб буго 1986 соналдаса нахъе.

Дагъистаналъул гьитIинабго росулъа шагIир Расул ХIамзатовасе баркала кьолеб буго гьеб ракIалде щвеялъул къоялъухъ, гIумруялъе гIоло рагъул майданалда гIадамал холел рукIин нилъеда кIочон течIолъиялъухъ.

Байрам тIобитIизе кьучI лъуна Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатовасул жигараялдалъун. Гьединал байрамаз квербакъи гьабула Россиялъул халкъазда ва маданиятазда гьоркьоб гьудуллъиялъул гIадатал щулалъиялъе.

Байрамалда цIар бачIана ХIамзатовасул «Къункъраби» абураб кочIодасан. Расулил ВатIан - Дагъистаналда гьеб байрам кIодо гьабулеб буго чанго соназ, ахирал соназда гьеб байрамалъе щвана тIолгохалкъалъда гьоркьоб тIобитIи.

«ХъахIаб къункърабазул фестиваль» кIодо гьабун 23 октябралда М. Дибировалъул цIаралда бугеб районалъул маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана байрам.

Фестивалалда кIалъазе рахъараз бицана Расул ХIамзатовасул захIматалъул нухалъул, творчествоялъул ва гIумруялъул чанго гIелалъе мисаллъун ккараб ХъахIал къункърабазул кочIолги.

Школалъул лъималаз цере рахъун рикIкIана Расул ХIамзатовасул кучIдул. Культураялъул хIалтIухъабаз ахIана кучIдул, рихьизе гьаруна кьурдаби. Балагьизе рачIарал разиго хутIана байрамалдаса.

«БагIараб кьодул» къисмат





ГьабсагIат «БагIараб кьода» унел руго тIад ран хIалтIаби. РукIине кколеб борхалъиялда тIаде росана кьодул пролетал ва заманаялъ гьел опробазда тIад лъуна.

ГьабсагIаталда унел руго скважинаби рорлъиялъул хIалтIаби. Гьелдаго цадахъ унел руго заманаялъул кьода сверун автотранспорт хьвадизе нухал гьариялъул хIалтIаби.

Гъази – Гъумекдерил гIоралда тIасан заманаялъун нух гьабуна, Аварское койсуялда тIасан заманаялъул рогIралги лъун гьеб гьабизе ккола Хунзахъ районалъул нухазул хIалтIухъабаз.

Нилъ киналго балагьун чIун руго кида кьо лъугIиладаян. Аслияб масъала буго тIадегIанаб качествоялда, хIинкъи гьечIеб къагIидаялда гьеб гьаби. Республикаялъул бетIер Ф. Щукинил ва Пачалихъалъул Председатель М. Рамазановасул бихьизабиялда рекъон гьенир лъун руго видео – камераби.

Бокьараб заманалда гьезда бихьула кинаб къагIидаялда хIалтIаби унел ругелали.

Техника хIалтIулеб буго гьоркьоб замана биччачIого.

Профилактика правонарушений и преступлений: управление личным временем подростка

Наиболее актуальная проблема современного общества является правонарушения среди подростков. Не секрет, что нынешние подростки отличаются от тех, какими они были ещё несколько лет назад.

Эти ребята не теряются в мощном информационном потоке современной жизни, а напротив, купаются в нём. Их лексикон порядком обновился, а увлечения непонятны. Подростки сегодня обожают роскошь, у них плохие манеры и нет никакого уважения к авторитетам, они выказывают неуважение старшим, слоняются без дела и постоянно сплетничают. Они всё время спорят с родителями, они постоянно вмешиваются в разговоры и привлекают к себе внимание, они тиранят учителей. Всё это связано с тем, что на ребенка в современной ситуации его жизнедеятельности и взросления оказывает влияние большое количество негативных факторов внешнего и внутреннего характера, действие которых усиливается в связи с тем, что они накладываются на кризис подросткового периода, связанный с серьезными физическими, физиологическими и психологическими изменениями, происходящими у ребенка. Результатом данного процесса часто является неадекватное поведение подростка.

Большую часть времени дети проводят в школе, поэтому на учителей возложена огромная ответственность за воспитание личности. В Федеральном законе "Об основах профилактики правонарушений среди несовершеннолетних " указано, что субъектом формирования правомерного поведения и профилактика противоправного действия является школа.

Профилактическая работа с обучающимися -процесс сложный, много аспектный, продолжительный по времени. Основная задача по профилактике правонарушений и законопослушного поведения несовершеннолетних заключается в раннем выявлении причин способствующих отклонению от норм. Советы родителям несовершеннолетних детей

Приучать ребенка к правилам жизни в обществе следует с детства. Даже малыши должны знать, что нельзя отнимать, портить или брать без разрешения чужие вещи.

Акцентируйте внимание детей на ответственном поведении, необходимости и важности отвечать за свои действия. Показывайте также положительный результат от стремлений исправить свои ошибки, показывайте возможность исправления сделанного. Дети должны знать «цену денег», уметь ими распоряжаться и планировать бюджет. И самое главное - демонстрируйте детям собственный положительный пример. Ведь чему бы вы их не учили, поступать они будут так же, как вы.

М. А. Зубаиров
начальник
Гергебильского РОВД

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.

Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.

Заказ № _____. Тираж 700 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Подписано в печать 29 октября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.

Индекс 51350. Цена свободная.